



Pou Piblikasyon Imedya: 18/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 24.8 MILYON DOLA POU MODÈNIZE TEKNOLOJI
AK SEKIRITE NAN LEKÒL YO GRAS AK LWA SOU ANGAJMAN LEKÒL
ENTÈLIJAN AN**

Komite Revizyon Lekòl Entèlijan yo te apwouve 51 plan investisman

***2 milya dola Lwa sou Angajman Lekòl Entèlijan an sipòte teknoloji nan salklas,
koneksyon lekòl ak sekirite gwo teknoloji***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse apwobasyon 51 Plan Investisman nan Eskolè Entèlijan ki vize remanye edikasyon nan yon epòk an evolasyon ak ranfòse sekirite nan lekòl. Plan yo apwouve yo, ki bay 24.8 milyon dola an total, fè pati Lwa sou Angajman Lekòl Entèlijan 2 milya dola a, yon pwogram teknoloji edikasyon ki konplè.

"Nan yon epòk aprantisaj adistans ke pandemi COVID-19 la te pote epi pandan n ap ogmante atansyon nou ak vijilans nou sou sekirite piblik, finansman eta sa a pi alè ak pi enpòtan ke jamè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Aksyon Komite Revizyon Lekòl Entèlijan sa yo ede asire ke elèv yo gen zouti ak teknoloji yo bezwen pou aprantisaj san danje ak efikas, swa nan lekòl oswa lakay".

Komite Revizyon Lekòl Entèlijan an te rankontre yè pou 18yèm fwa pou kapab konsidere plan investisman yo ke distri lekòl ak lekòl edikasyon espesyal yo te soumèt. Komite a gen ladan Direktè Bidjè a, Chanselye Inivèsite Eta New York (State University of New York), ak Komisè Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department).

Komite a te apwouve plan ke 45 distri lekòl ak de lekòl edikasyon espesyal te soumèt. Pwojè yo gen ladan 14.5 milyon dola pou teknoloji salklas, 7.8 milyon dola pou sekirite gwo teknoloji ak 2.5 milyon dola pou koneksyon lekòl. Gen yon rezime plan yo ki disponib [isit la](#).

Lwa sou Angajman Lekòl Entèlijan an sipòte acha nouvo teknoloji tankou sèvè òdinatè, tablo blan entèaktif, tablèt, òdinatè biwo ak laptop, ansanm ak koneksyon wo debi ak san fil. Zouti sa yo pèmèt elèv yo pèsonalize aprantisaj yo, elaji opòtinite pou eksperyans entèaktif anndan ak deyò salklas la epi ankouraje kominikasyon ant paran-pwofesè. Acha sa yo patikilyèman enpòtan apre pandemi COVID-19 la, sa k ap ede elèv yo konekte ak reyisi nan plizyè modèl aprantisaj sa gen ladan aprantisaj adistans lè sa nesesè.

Zouti sekirite gwo teknoloji yo ke Lwa sou Angajman Lekòl Entèlijan yo sipòte gen ladan sistèm kontwòl antrè, sistèm videyo ak sistèm notifikasyon ijans nan salklas. Amelyorasyon sa yo enpòtan piske Eta a ak patnè lokal yo ap travay pou ranfòse sekirite tout espas piblik yo.

Direktè Bidjè a, Robert F. Mujica, Jr., te deklare, "Lwa sou Angajman Lekòl Entèlijan yo se yon resous presye pou lekòl New York yo, k ap ede avèk acha pou nouvo teknoloji, koneksyon ak amelyorasyon nan sekirite kote tout sa yo pi opòten ke jamè. Pandan teknoloji ap vin pi santral pou aprantisaj, epi n ap kontinye amelyore sekirite espas piblik nou yo, finansman sa a pral kontribye anpil nan kenbe lekòl nou yo ajou".

Rektè Konsèy Administrasyon an, Lester W. Young, Jr., te deklare, "Pwogram Lekòl Entèlijan yo pèmèt nou bay teknoloji pou angaje elèv yo nan aprantisaj kèlkeswa modalite a pandan sa ap amelyore sistèm sekirite yo pou kenbe yo san danje nan kominote lekòl yo. Investisman sa yo enpòtan nan angajman nou pou asire ke chak elèv nan eta nou an gen aksè ak edikasyon bon kalite".

Komisè Edikasyon Eta a, Betty A. Rosa, te deklare, "Pandemi an te revele eskizyon dijital nan eta nou an, epi pandan n ap kontinye retabli anba pandemi an, nou obsève yon ogmantasyon nan vyolans nan mitan jèn moun yo. Dènye seri finansman pou Lekòl Entèlijan yo priyorize de domèn enpòtan sa yo nan ogmante kantite aparèy pou elèv yo ak nan bay lajan pou enfrastruktir sekirite lekòl. Lè elèv nou yo san danje epi kapab angaje nan aprantisaj ki siyifikatif, nou kòmanse wè vre potansyèl yo".

Chanselye Pwovizwa SUNY an, Deborah F. Stanley, te deklare, "Eta New York se lidè prensipal nan edikasyon, epi Lwa sou Angajman Lekòl Entèlijan yo pwouve tou ke nou investi nan potansyèl jèn nou yo, kòm fiti travayè ak lidè eta nou an. Nan investi nan tablo blan entèaktif, tablèt, òdinatè ak entènèt ki rapid, n ap siyale Nouyòkè yo merite pi bon resous pou ede yo aprann ak atenn objektif edikatif yo. Nou remèsye Gouvènè a pou devouman li nan bay aksè ak aprantisaj, kèlkeswa nivo edikasyon an, epi nou pa ka tann pou nou resevwa jèn elèv sa yo yon jou nan lekòl SUNY nou yo".

An 2014, Eta New York te investi 2 milya dola nan lekòl li yo atravè Lwa sou Angajman Lekòl Entèlijan an — ki se yon inisyativ k ap finanse teknoloji ak enfrastruktir edikatif, k ap bay elèv yo aksè a dènye teknoloji ak koneksyon ke yo bezwen pou yo kapab reyisi epi rivalize nan ekonomi 21yèm syèk la. Nouyòkè yo dakò, piske elektè yo te otorize Lwa sou Angajman Lekòl Entèlijan an nan mwa novanm sa.

Aprè pwopozisyon Lwa Angajman an, Komisyon Lekòl Entèlijan an te etabli pou yo rasanble enfòmasyon sou estrateji k ap pèmèt lekòl yo investi nan fon angajman yo nan fason ki pi efikas. Komisyon konsiltatif sa te rekòmande pou yo mete atansyon sou ekspansyon koneksyon wo debi ak san fil ki solid epi itilize teknoloji transfòmatif yo. Plan yo ke Komite Revizyon Lekòl Entèlijan an te apwouve reflete anpil nan pi bon pratik ke Komisyon an te idantifye yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)